

# Lè gen yon dife, fèmèn tout pòt dèyè ou!

Pa kite dife ak lafimen antre nan koulwa ak eskalye bilding nan.

Toujou kenbe pòt apatman ak eskalye yo fèmèn.

**Pwoteje vwazen ou yo ak kay ou!**



Kòd administratif NYC  
§15-135

# Lè gen yon dife, fèmèn tout pòt dèyè ou!

Pa kite dife ak lafimen antre nan koulwa ak eskalye bilding nan.

Toujou kenbe pòt apatman ak eskalye yo fèmèn.

**Pwoteje vwazen ou yo ak kay ou!**



Kòd administratif NYC  
§15-135

Avi pou fèmèn pòt la fèt pou raple rezidan yo yon fason ki klè ak vizib enpòtans pou fèmèn chak pòt lè y ap sòti nan apatman ak imèb la lè gen yon dife. Lè w fèmèn pòt sa yo li pèmèt kenbe dife ak lafimen an anndan apatman an, li fasilite operasyon pou kenbe dife a epi li anpeche lafimen an rantre nan eskalye ki anndan kote rezidan imèb yo ka bezwen pou evakye.

Jan yo site l nan règleman yo men egzijans ki gen rapò ak afichaj ak enpresyon nan zòn ki parèt pi souvan yo  
**§ 401-06 Gid Preparasyon pou Dife ak Ijans, Lis verifikasyon ak Avi**

Chak avi pou fèmèn pòt dwe gen:

**(A)** yon fòm ki sanble anpil ak egzanj avè sa a epi li dwe gen ladan l tout enfòmasyon ki gen nan egzanj yo bay pou avè sa a;

**(B)** enprime sou yon fèy papye ki gen yon sèl bò ki ankadre sou yon kouvèti pleksiglas ki transparan oswa ki plastifye avèk yon sipò ki solid epi ki fèt pou l fikse ak materyèl pou montaj oswa yon adezif, oswa enprime l sou yon etikèt ki gen adezif nan do l epi ki fèt ak vinil ki gen finisyon mat ki gen omwen twa (3) mils nan gwozè, pandan w ap itilize enpresyon tèmik, serigrafi, oswa lòt teknik enpresyon pèmanan ki kapab resiste ak dlo;

**(C)** Li pa dwe gen yon gwozè ki pi piti pase de (2) pous ak twa ka ( $2\frac{3}{4}$ ) sou douz (12) pous (san w pa konte kad la).

**(D)** Li dwe enprime yon fason pou tout tèks la parèt klè epi moun dwe ka li l, lèt yo dwe blan sou yon fon wouj tankou koulè machin ponpye yo oswa lèt yo dwe an gra tankou koulè machin pou dife a sou yon fon blan epi li dwe gen yon gwozè trant uit (38) Times New Roman oswa ki menm jan pou premye liy nan tèks la; gwozè vennkat (24) Times New Roman oswa ki menm jan pou dezyèm liy nan tèks la; gwozè ven (20) Times New Roman oswa ki menm jan pou twazyèm liy nan tèks la; ak gwozè katòz (14) Times New Roman oswa ki menm jan, lèt yo dwe gen koulè nwa pou sitasyon Kòd Administratif la, yo dwe kapab li l konsa: “Kòd administratif NYC §15-135;”

**(E)** enprime l avèk yon desen ki an koulè nèt, epi gwozè imaj la pa dwe pi piti pase yon pous ak twa ka ( $1\frac{3}{4}$ ) pa yon pous ak twa ka ( $1\frac{3}{4}$ ) sou yon fon ki blan; epi

**(F)** enprime l nan lang Anglè. Pwopriyetè a ka enprime avi pou preparasyon sou dife ak ijans nan lòt lang (li gen ladan l senbòl yo) si pwopriyetè a panse li ap itil pou moun ki abite nan imèb la. Avi pou fèmèn pòt la disponib nan lòt lang sou sit entènèt Depatman an, <http://www.nyc.gov/fdny>.

**Afichaj:** Yo dwe afiche avi pou fèmèn pòt la epi yo dwe kite l sou bò koulwa piblik ki nan chak eskalye ki anndan nan imèb la, nan fason yo prevwa li nan R401-06(e)(5)(B). Pa gen afichaj ki obligatwa pou eskalye ki ouvè yo. Nou dwe ranplase avi ki pa la oswa ki dechire yo byen rapid.